# ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ САЛЫҚ КОДЕКСИНИҢ 381 СТАТЬЯСЫ БОЙЫНША ФИЗИКАЛЫҚ ШАХСЛАР ДӘРАМАТЛАРЫНА 12 ПАЙЫЗЛЫҚ САЛЫҚ СТАВКАСЫНЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫНЫҢ АЗ АЙЛЫҚ АЛЫЎШЫЛАР УШЫН ҲӘМ КӨП АЙЛЫҚ АЛЫЎШЫЛАР УШЫН ТӘСИРИ.

**Жарымбетов Ажинияз Курбанбаевич**

Қарақалпақстан Республикасы тарыйхы ҳәм мәденияты

мәмлекетлик музейи бас есапшысы

Ajiniyaz.jarimbetov@gmail.com

***АННОТАЦИЯ***

*Бул мақалада 2019-жыл январ айындағы физикалық шахслар ушын енгизилген жаңа өзгерислердиң хызметкерлер ис хақысына тәсирин анализлеў ҳәм бул өзгеристиң ҳәмме хызметкерлер ис хақысына теңдей тәсир етиўи ушын усыныслар келтирилген.*

***Таяныш сөзлер:*** *Орташа арифметикалық есабы, салық ставкалары, дәрамат салығы, физикалық шахслар, дөңгелеклеў. өсиў пәт пенен есаплаўшы, бюджеттен тысқары пенсия фонды*

***ABSTRACT***

*This paper provides about analysis of the impacts the employees’ salaries when approved new changes in tax for an individual in January, 2019 year and some offers in order to same impact the employees’ salaries after the new changing tax for an individual.*

Ҳәммемизге белгили, 2019-жылдан баслап хәзирги күнге шекем Өзбекистан Республикасы Салық кодексине өзгерислер киргизилиўи нәтийжесинде бурынғы

өсиў пәт пенен есаплаўшы 0-7,5-16,5-22,5% салық ставкалары бийкар етилип қатты белгиленген 12% салық ставкасы енгизилди. Бул дәрамат салығы ставкаларының өзгериўине итибар берип қарасақ 12% бул бурынғы 0-7,5-16,5-22,5% салық ставкаларының орташа есабы болып есапланады. Мысалы, 0-7,5-16,5-22,5% салық ставкаларының математикалық орташа арифметикалық есабы 11,625 яғный дөңгелеклеў нәтийжесинде 12 ге туўра келеди.

(0+7,5+16,5+22,5)/4=11,625

Демек, 0-7,5-16,5-22,5% салық ставкалар орнына орташа муғдары қолланылыўы, бул орташа айлық алыўшылар ушын өзгериссиз, аз айлык алыўшылар ушын көбейгенлиги, ал көп айлық алыўшылар ушын азайғанлығынан дерек береди. Буны анализлеўимиз ушын төмендеги кестеге итибар берейик.

| Бир айлық муғдары сум | 2018-жыл январ айы ушын есапланған дәрамат салығы | 2019-жыл январ айы ушын есапланған дәрамат салығы | 2019-жылдағы дәрамат салығын 2018-жылдағы дәрамат салығына салыстырыў |
|---|---|---|---|
| 700000 | 39582 | 84000 | 44 418 сумға көбейген |
| 800000 | 47082 | 96000 | 48 918 сумға көбейген |
| 900000 | 58074 | 108000 | 49 926 сумға көбейген |
| 1000000 | 74574 | 120000 | 45 426 сумға көбейген |
| 1200000 | 107574 | 144000 | 36 426 сумға көбейген |
| 1400000 | 140574 | 168000 | 27 426 сумға көбейген |
| 1600000 | 173574 | 192000 | 18 426 сумға көбейген |
| 1800000 | 211230 | 216000 | 4 770 сумға көбейген |
| 1900000 | 233730 | 228000 | 5 730 сумға кемейген |
| 2000000 | 256230 | 240000 | 16 230 сумға кемейген |
| 2200000 | 301230 | 264000 | 37 230 сумға кемейген |
| 2 400 000 | 346230 | 288000 | 58 230 сумға кемейген |

Жоқарыдағы кесте арқалы биз дерлик 1 900 000 сумға шекем айлық алыўшылар ушын дарамат салығының көбейгенлигин, ал 1 900 000 сумнан көп

айлық алыўшылар ушын дарамат салығы азайғанлығын көриўимиз мүмкин. Усыларды есапқа алған халда, аз айлық алыўшылар ушын қайтадан 0% ли ямаса 7,5% ставкаларды қайта енгизиўди мақул көремиз, көпшилик қәнийгелер хәр қыйлы дәрамат салығының ставкаларының қолланылыўы кәрхана есапшылары ушын қолайсызлықлар туўдырады деп есаплайды, бирақ негизинде қатты белгиленген салық ставка болсын, ямаса өсиў пәт пенен есаплаўшы хәр түрли салық ставкалардың болыўы кәрхана есапшыларына хеш қандай қыйыншылықлар ямаса жеңилликлер келтирип шығармайды. Себеби, ҳәзирги турмыста барлық кәрхана есапшылары, бухгалтериялық есапты жүритиўде бухгалтериялық программалардан пайдаланғанлығы себебинен барлық салық түрлерин программалар арқалы автомат формада есаплайды.

2019-жыл январь айынан баслап аз айлық алыўшылар ушын дәрамат салығының көбейгенлиги ҳеш бир хызметкер ис ҳақысының азайыўына тәсир етпеди, себеби 2019-жыл январь айынан баслап бюджеттен тысқары пенсия фонды ушын мәжбурий 8% төлем бийкар етилди. Бирақ бул бийкар етилген 8% төлем аз айлық алыўшылар ушын ис хақысының 8% көбейиўин тәмийинлемеди.

Мысал етип, төмендеги кестеге және итибар берейик.

| Бир айлық мұғдары сум | 2018 жыл бир айы ушын бюджеттен тыскары пенсия фондына төлем 8% | 2018ж бир айы ушын берилиў керек ис хақы дәрамат салығы ҳәм 8% пенсия фондын шегирген халда | 2019ж январь айы ушын берилиў керек ис хақы дәрамат салығын шегирген халда | 2018-жыл менен 2019ж январь айына салыстырғанда %те көбейгенлиги |
|---|---|---|---|---|
| 700000 | 56000 | 604418 | 616000 | 1,916% |
| 800000 | 64000 | 688918 | 704000 | 2,189% |
| 900000 | 72000 | 769926 | 792000 | 2,867% |
| 1000000 | 80000 | 845426 | 880000 | 4,090% |
| 1200000 | 96000 | 996426 | 1056000 | 5,979% |
| 1400000 | 112000 | 1147426 | 1232000 | 7,371% |
| 1600000 | 128000 | 1298426 | 1408000 | 8,439% |
| 1800000 | 144000 | 1444770 | 1584000 | 9,637% |
| 1900000 | 152000 | 1514270 | 1672000 | 10,416% |
| 2000000 | 160000 | 1583770 | 1760000 | 11,127% |
| 2200000 | 176000 | 1722770 | 1936000 | 12,377% |
| 2400000 | 192000 | 1861770 | 2112000 | 13,440% |

Бул кесте арқалы биз 1 600 000 сумға шекемги айлық алыўшылар ушын 2018-жыл ҳәм 2019-жыл арасында айлық көбейиўи 8% лы бюджеттен тысқары пенсия фондына төлем бийкар болыўына қарамастан айлықлар 8% көбеймегенлигин көремиз, ҳәм усыларды есапқа алған халда бюджеттен тыскары пенсия фондына 8% төлем бийкар болыўына қарамастан айлықлары 8%ға көбеймеген ис хақылар ушын 12% дан төменирек салық ставкаларын қоллаў мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

### *ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР*

1. *Өзбекистан Республикасы Салық кодекси.*
2. *Ўзбекистон Республикаси Президентининг қарори, 29.12.2017 йилдаги ПҚ-3454-сон*